



Pou Piblikasyon Imedya: 08/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN PREMYE KONPETISYON KREYASYON JE VIDEYO POU TOUT ETA A

Premye Konkou a te resevwa 40 Kandidati soti toupatou nan New York

Gayan yo Resevwa Finansman pou Ede yo Kreye e Pwodwi Je Videyo

Investisman an Konplemanje Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se Plan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon an pou Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvèl Opòtinite

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gayan premye Konkou Kreyasyon Je Videyo nan Eta New York (New York State Game Dev Challenge) nan Sant pou Medya, Atizay, Je Videyo, Entèraksyon ak Kreyativite (Center for Media, Arts, Games, Interaction and Creativity) nan Rochester Institute of Technology (RIT). Nan kad premye konkou sa a, RIT te resevwa 40 kandidati nan men etidyan enstitisyon siperyè ak inivesite leta, epitou nan men kreyatè endepandan toupatou nan New York.

"Ofiyamezi endistri je videyo an kontinye ap grandi nan New York, jèn antreprenè ak kreyatè ap egezekite ide inovatè e pouse devlopman sektè depwent sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen felisite gayan premye Konkou Kreyasyon Je Videyo an e mwen konnen yo va jwenn siksè lè yo kolabore nan teknopòl New York yo pou devlope teknoloji dijital pou jenerasyon k ap vini yo e repann lide ak antrepriz yo atravè Eta New York."

Konkou Kreyasyon Je Videyo a te envite etidyan ki enskri nan enstitisyon siperyè ak inivèsite Eta New York, ansanm avèk kreyatè endepandan k ap viv nan eta a, pou egzekite lide nèf lè yo te aplike pou genyen prim pou soutni kreyasyon je videyo. RIT resevwa 40 kandidati pou premye konkou an e yo te jije aplikan yo selon deskripsyon je videyo yo te bay la, pwototip, plan pou antrepriz ak titora, e delè pou kreyasyon an. Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te prezan nan seremoni remiz depri an nan The Strong National Museum of Play nan Rochester.

"Premye Konkou Kreyasyon Je Videyo nan Eta New York mete aksan sou wòl emèjan RIT a genyen kòm teknopòl", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te di, pandan li te nan la.** "Grasa MAGIC Spell Studios e an kolaborasyon avèk the Strong Museum, RIT ap

mete New York nan pozisyon pou li antre nan konpetisyon global osen yon endistri \$100 milya, pou li kreye nouvo djòb ak opòtinite. Mwen felisite gayan jodi a ak lekòl ki patisipe yo, NYU ak RPI, epi m ap tann pou m wè nouvell jenerasyon je videyo k ap vini an, kòmanse isit la menm, nan Eta New York.”

Nan kategori pou etidyan yo, gayan yo se:

- Premye pri – RIT; Nathan Stevens, Michael Ray ak Stephanie Stoner pou *Kingdom of the Tao*.
- Dezyèm pri – New York University; Weiyu “Ivy” Li, Liyang “Lea” Liu ak Zijian “Zed” Zhou pou *Monsterologist*.
- Twazyèm pri – Rensselaer Polytechnic Institute; Janice Ho, Diana Nguyen ak Neil Clarke pou *Phony*.

Nan kategori kreyatè endepandan, gayan yo se:

- Premye pri – Evan Anthony, Jeremy Abel ak Mercy Lomelin ki soti Vil New York, pou *Genesis Noir*.
- Dezyèm pri – Matthew Weise ak Clara Fernandez-Vara ki soti Vil New York, pou *The Myth Machine*.
- Twazyèm pri – Waseque Qazi ki soti Buffalo pou *Shotgun Farmers*.

Ganyan premye pri nan toude kategori yo te resevwa \$12,000. Chak gayan dezyèm pri te resevwa \$8,000, e chak gayan twazyèm pri yo te resevwa \$5,000. Yo pral enkli gayan yo tou nan kouvez sou entènèt RIT a, nan New York University, oswa Rensselaer Polytechnic Institute pou jiska ennan e yo pral gen aksè a yon rezo konseye.

Divizyon Syans, Teknoloji ak Inovasyon Empire State Development deziyen RIT, NYU ak RPI kòm Teknopòl Je Videyo (Digital Gaming Hubs) an Janvyè 2016, e deziyasyon sa a ap rete pou jis 31 Desanm 2018. Teknopòl yo resevwa yon bourad finansman \$150,000 nan men Eta New York chak ane, pou yon total twazan. Objektif la se ankouraje inovasyon ak aktivite tèt ansanm pou kreye nouvo je videyo oswa nouvell antrepriz, epitou bay resous ak konsèy ki ankouraje etidyan ak antreprenè antre nan endistri je videyo a. Teknopòl yo ede tou konpayi ki ekziste deja avèk konsèp pou je videyo, teknoloji ak tandans nan endistri a, epi yo òganize evènman ki konsantre sou ede kominote je videyo a.

Senatè Martin J. Golden, Prezidan Komite Espesyal sou Syans, Teknoloji, Enkibasyon ak Antreprenarya Sena a (Senate Select Committee on Science, Technology, Incubation and Entrepreneurship), te di, “Sa a se yon premye gwo etap pou rekonèt e ankouraje moun ak konpayi sila yo ki gen don e ki travay di anpil. New York gen meyè talan ak pi bon pwogram akademik pou endistri je videyo a nan lemonn. Teknopòl yo, ansanm ak konkou sa a, se zouti lansman nou bezwen, men nou dwe fè

pi plis toujou pou ankouraje talan sa a e pou antrepriz yo kontinye jwenn kwasans nan New York.”

Manm Asanble Joseph R. Lentol te di konsa, “Konpliman bay kreyatè medya dijital sa yo, ki plen talan e ki entelijan, epitou bay Gouvènè a poutèt li pwomouvwa konpetisyon enpòtan sa a. New York gen yon kokenn sektè medya ak amizman dijital. Nou fyè siksè yo e nou fyè pou nou di travay yo se yon pwodwi enpòtan Eta New York.”

Prezidan ESD, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon, Howard Zemsky, te di, “Pami moun ki gen plis talan e ki pi kreyatif nan endistri je videyo a, gen anpil ki rete Eta New York. Grasa efò tankou Teknopòl nou yo, k ap ankouraje elèv yo ak devlopè endepandan nan konsepsyon ak pwodiksyon nouvo je videyo ki inovatè, e Konkou Kreyasyon Je Videyo an, nou kontinye ap soutni wòl eta a k ap grandi nan endistri sa a.”

Robert Mostyn, administratè Konkou Kreyasyon Je Videyo nan Eta New York e Kowòdonatè Teknopòl nan RIT, di konsa, “Se pa ti kontan mwen kontan devan repons nou resevwa pou konkou sa a. Kalite ak kantite kandidati nou te resevwa konfime Eta New gen anpil talan lakay li e n ap pwodwi je videyo enkwayab.”

Akselerasyon inisyativ Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplemanje inisyativ “Finger Lakes Forward” la, ki se plan direktè konpreyansif rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominote a. Inisyativ sa a konsantre sou kwasans djòb, ogmantasyon richès rejyonal, ankouraje investisman prive ak redwi povrete. Eta a te investi deja plis pase \$3.4 milya nan rejyon an depi an 2012 pou reyalize travay preparatwa pou plan an ki gen ladan investisman nan endistri kle yo tankou fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou yo devlope epi investi.

\$500 milyon “Finger Lakes Forward” Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan pral bay konpayi biznis prive yo prim ankourajman pou yo investi plis pase \$2.5 milya – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa kreye jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###